

## Advocates for Children of New York

Protecting every child's right to learn

# Prepare pou yon Reyinyon IEP

Yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) pou yon elèv se yon dokiman legal enpòtan ki bay yon apèsi sou bezwen elèv la epi sèvis edikasyon espesyal ke li gen dwa pou I resevwa yo. Yon ekip IEP kreye IEP a, epi yo revize'l chak ane pandan reyinyon IEP ànyèl la.

## Koman m dwe prepare pou yon reyinyon IEP?

#### I. Li evalyasyon elèv la

Paran yo ta dwe revize kopi evalsyon elèv la avan reyinyon IEP la. Paran yo gen dwa pou yo resevwa yon kopi nenpòt nouvo evalyasyon senk jou avan reyinyon an. Men kèk bagay pou note :

- Nati enfimite elèv la epi koman sa afekte li nan lekòl la
- Nivo pèfòmans elèv la (akademik, sosyal-emosyonèl, fizik, konpòtmantal, elatriye)
- Nenpòt rekomandasyon nan men pwofesè, evalyatè, oubyen founisè sèvis
- Si evalyasyon yo reprezante timoun nan avèk presizyon ou non

Pou elèv k ap deja resevwa sèvis edikasyon espesyal, eseye detèminen kalite pwogrè elèv la fè depi dènyè reyinyon IEP a oubyen dènyè evalyasyon an. Èske I te atenn objektif ki sou IEP pou ane ki sot pase a ? Sinon, elèv la ka bezwen yon lòt aranjman oubyen plis sèvis.

### 2. Konnen kontinyòm sèvis edikasyon espesyal Depatman Edikasyon (DOE) Vil Nouyòk la ofri

Sèvis edikasyon espesyal yo egziste nan yon kontinyòm sòti nan anviwonman ki gen mwens restriksyon rive nan anviwonman ki gen plis restriksyon. Rekomandasyon posib nan lokal yon lekòl kominotè enkli, edikasyon jeneral avèk Sèvis Api pou Pwofesè Edikasyon Espesyal (SETTS, oubyen sal resous) oubyen sèvis ki gen rapò avèk li yo (tankou òtofoni oubyen ègoterapi); kou enklizyon (ki rele Ko-Ansèyman Entegre, oubyen kou ICT); kou edikasyon espesyal endepandan plentan oubyen tan pasyèl; oubyen yon konbinezon de opsyon sa yo. Yo gen dwa mete elèv yo nan lekòl ki sèlman fè edikasyon espesyal (ki rele lekòl Distri 75), lekòl ki pa piblik, ansèyman lakay oubyen nan lopital, oubyen plasman rezidansyèl.

#### 3. Envite lòt moun ki konn travay ak pitit ou an pou yo fè pati ekip IEP la.

Paran elèv la mèt envite nenpòt founisè sèvis (tankou titè oubyen terapis), travayè sosyal oubyen nenpòt lòt moun ki gen enfòmasyon konsènen elèv la pou yo patisipe nan reyinyon an, swa anchè e annòs oubyen nan telefòn. Ekip IEP a dwe pale sou tout evalsyon, pwogrè elèv la ak pèfòmans aksyèl li, objektif ki genyen pou ane k ap vini an, epi nenpòt sousi manm ekip yo ta genyen. Si rekomandasyon pwogram elèv la chanje, fòk ekip la diskite opsyon plasman ki posib yo, epi note nenpòt preferans paran an ka genyen konsènan plasman nan lekòl. Pou elèv ki gen plis laj, fòk ekip la diskite traje diplòm li a ak plan tranzisyon l lan pou lè elèv la kite lekòl, ki enkli sèvis lekòl la pral founi pou ede elèv la rive atenn objektif tranzisyon li yo.

Se moun sa yo ki fè pati ekip IEP a epi ki dwe asiste reyinyon an (yon sèl moun ka jwe plizyè wòl):

- Paran elèv la
- Yon pwofesè oubyen yon founisè edikasyon espesyal
- Yon pwofesè edikasyon jeneral (si elèv la ap patisipe nan kou edikasyon jeneral aksyèlman oubyen si l gen dwa patisipe ladan yo)
- Yon Reprezantan Distri ki konnen resous ki disponib nan distri a
- Yon moun ki ka entèprete evalyasyon elèv la, si gen nouvo evalyasyon ke y ap konsidere
- Ka gen egzijans pou plis moun asiste tou, selon kalite revizyon k ap fèt la

Lekòl yo gen dwa mande yon paran pou yon fòmilè egzansyon pou yo ka fè yon reyinyon IEP nan absans youn nan manm ki dwe prezan yo. Paran yo dwe konsanti pou yon fòmilè egzansyon sèlman apre yo fin konsidere sityasyon an byen, espesyalman si manm ekip la gen yon konesans dirèk sou timoun nan. Paran yo gen dwa mande lekòl la pou l ranvwaye reyinyon an pou yon lè kote tout moun ka asiste.

#### 4. Konprann sa ki enkli nan IEP a

Lwa nasyonal, etatik, epi lokal yo egzije pou yon IEP gen eleman sa yo ladan I:

- Pwogram edikasyon espesyal ki rekomande pou elèv la epi sèvis ki asosye yo. Pwogram yo dwe fèt nan anviwonman ki gen mwens restriksyon posib pou elèv la ka akonpli objektif li yo epi pwogrese nan kourikoulòm jeneral la
- Yon deskripsyon « nivo aksyèl pèfòmans edikasyonèl » elèv la, ki enkli nivo lekti ak matematik
- Klasifikasyon elèv la. Kèk klasifikasyon komen se Pwoblèm Daprantisaj (LD), Twoub Lapawòl oubyen Langaj (LD) epi Lòt Pwoblèm Lasante (OHI)
- Objektif ànyèl ki mezirab pou ane k ap vini an
- Akomodasyon pou konpoze, modifikasyon ak patisipasyon nan egzamen leta yo

#### 5. Prepare pou vin yon manm aktif nan ekip la

Avan reyinyon an, konsidere ki pwogram, sèvis, ak akomodasyon ou kwè elèv la bezwen pi plis. Ou gen dwa vle pale avèk lekòl la tou. Paran, ansanm ak nenpòt moun yo envite nan reyinyon an, ta dwe patisipan egalego ansanm ak lòt manm yo. Yo pa dwe mande paran an pou l asiste sèlman yon pati nan reyinyon an, ni pou yo siyen yon IEP ki deja fin ekri. Asire w pou w pran nòt apwopo kiyès ki te asiste reyinyon an epi kisa yo te di.

#### Kisa ki rive si paran an pa dakò ak rezilta a?

Si paran elèv la pa dakò ak rezilta reyinyon IEP a – kòm egzanp, paran an te ka pa dakò ak klasifikasyon lekòl la oubyen rekomandasyon pwogram nan – paran an mèt :

- Mande yon nouvo reyinyon IEP pou diskite modifikasyon IEP a
- Mande entèvansyon pou rezoud dezakò a ak lekòl la; oubyen
- Fè yon demann pou yon pwosè ekitab san paspouki

**NOTE:** Siyen fèy prezans lan pa vle di w dakò ak IEP la ni ak tout bagay ki te diskite pandan reyinyon an; li sèlman vle di w te prezan nan reyinyon an.

Fèy enfòmasyon sa a pa yon konsèy legal. Bi fèy enfòmasyon sa a se pou eseye rezime prensip ak lwa aksyèl yo san deklare opinyon AFC a. Si w gen yon pwoblèm legal, souple kontakte yon avoka oubyen yon defansè.